



---

# YON KARYÈ

# NAN METYE YO:

Kijan pou ou rive la epi  
sa ou ta dwe atann

---

Yon gid ki soti nan  
Department of Consumer Protection nan Connecticut






# **Kidonk, w ap panse ak yon karyè nan metye yo ...**

Karyè nan metye yo kapab ofri yon travay gratifyan ki peye byen epi ki gen opòtinite pou kwasans.

Yon seri endistri ap grandi byen vit epi ap chèche plis moun ki gen bon fòmasyon an pou kòmanse karyè nan domèn tankou elekrisite, asansè ak transpòtè, awozwa pwoteksyon kont dife ak sistèm Ansul®, plonbaj ak irigasyon gazon, chofaj, refwadisman ak tòn an metal, epi vitriye otomobil ak vit plat.

Fòmasyon pou yon karyè nan metye yo se travay ki di, epi kilti a kapab difisil. Men, si ou devwe tan, fè travay la, epi pwouve ou konfyab, li kapab pote fwi.






## ... Nou isit la pou ede.

Nan gid sa a, w ap jwenn enfòmasyon sou chak etap nan pwosesis la pou jwenn bon fòmasyon an ak lisans pou yon karyè nan meytye yo. Gid sa a abòde:

- Aprantisaj ak Kondisyon pou Kou yo
- Lisans
- Jwenn yon Travay

Anplis zòn yo ki dirèkteman gen rapò ak yon karyè nan meytye yo, gid sa a gen ladan tou enfòmasyon debaz sou sa w ap bezwen pou gen siksè, sa gen ladan transpò fyab, gadri ak sa pou fè si ou gen lakin nan travay la.



# Tabdèmatyè

<b>1 — Sa pou ou Atann nan yon Pwogram Aprantisaj ak nan Salklas la.....</b>	<b>5</b>
1.1 — Angajman Tan pou Fòmasyon nan Travay ak Devwa .....	6
1.2 — Orè Ou .....	6
1.3 — Peman ak Bidjè.....	7
1.4 — Sa Ou Bezwen pou Ou Gen Siksè (Founiti Ladan) .....	7
1.5 — Lòt Frè ak Depans Ou Ta Dwe Planifye Pou Yo .....	8
<b>2 — Lokalize Bon Pwogram Aprantisaj la pou Ou.....</b>	<b>9</b>
2.1 — Kalite Lisans ak Kondisyon pou Fòmasyon.....	10
2.2 — Akò Enskripsyon pou Aprantisaj .....	11
2.3 — Plas pou Jwenn Opòtinite Aprantisaj.....	12
2.4 — Kijan pou Lokalize Enfòmasyon sou Konpayi Esponnsò Aprantisaj Aktif .....	12
2.5 — Aprantisaj Sendikal oswa ki Pa Sendikal.....	13
<b>3 — Lisans avèk Department of Consumer Protection .....</b>	<b>15</b>
3.1 — Pwosesis Aplikasyon .....	16
<b>4 — Jwenn yon Travay .....</b>	<b>17</b>
4.1 — Ki Kote pou Gade.....	18
4.2 — Sa Ou Bezwen pou Aplike.....	19
4.3 — Entèvyou: Sa Pou Atann .....	20
<b>5 — Lòt Resous.....</b>	<b>21</b>
5.1 — Achte yon Veyikil .....	22
5.2 — Jwenn Asirans Otomobil.....	23
5.3 — Jwenn Gadri.....	24
5.4 — Planifye pou Lakin nan Travay .....	25
5.5 — Jere yon Bidjè.....	26
Enfòmasyon Kontak .....	27





# 1 Sa pou ou Atann nan yon Pwogram Aprantisaj

---

## *Pou Travay Di nan Travay ki Difisil*

Fòmasyon pou yon karyè nan metye yo pral gen ladan yon pwogram aprantisaj avèk yon gwo angajman nan zafè tan men ki ka jere. Yon aprantisaj se yon pwogram fòmasyon ki gen ladan tan nan salklas ak yon eksperyans nan travay.

Li posib fòmasyon ou an pral gen ladan yon seri konfigirasyon pou salklas, ak yon seri kondisyon sou sit travay la, ***sa gen ladan lapli oswa bon tan, ak tout tanperati yo.***

Biwo Fòmasyon pou Aprantisaj [Department of Labor \(DOL, Depatman Travay\) nan Connecticut la](#) sipèvize pwogram aprantisaj yo nan eta a.

## 1.1 – Angajman Tan pou Fòmasyon nan Travay ak Devwa

Pwogram ki diferan yo egzije kantite tan ki diferan. Nòmalman, w ap pase de (2) ane nan yon pwogram pou yon lisans limite, ak kat (4) ane nan yon pwogram pou yon lisans ki pa limite. Pandan moman sa a, ou ta dwe atann pou:

- Travay senk (5) jou nan yon semèn
- Travay anndan ak deyò nan tout kalite kondisyon meteyo
- Travay sou sit konstriksyon komèsyal ak rezidansyèl
- Travay sou pwojè prive ak gouvènman
- Patisipe nan lekòl aprantisaj pou ansèyman, teyori ak kòd ki gen rapò

### SONJE

*Si ou gradye nan yon Connecticut Technical High School (Lekòl Segondè Teknik nan Connecticut) oswa lòt enstitisyon ki apwouve avèk yon diplòm nan metye konstriksyon/pwofesyonèl, esponsò aprantisaj ou a atravè DOL ka ba ou kredi pou lè ansèyman sa yo ki gen rapò.*

## 1.2 – Orè Ou

Pandan yon aprantisaj, ou ta dwe atann pou entegre tan etid la nan orè ou a **anplis** de travay ak tan lekòl ou.

Pifò lekòl aprantisaj gen tès ak egzamen pandan ane lekòl la, epi yo souvan atann w ap kenbe yon sèten mwayèn pou travay lekòl ou.

### KONSÈY

*Revize regilyèman lè ou ki anrejistre yo nan rapò pwogrè ou pou asire ou resevwa tout fòmasyon ki nesèsè pou fini aprantisaj ou.*



## 1.3 – Peman ak Bidjè

Pandan pifò karyè nan metye yo ofri opòtinite pou jwenn bon peman, li enpòtan pou konnen ke, an jeneral, nan konstriksyon ak metye pwofesyonèl yo:

- Si ou travay, ou resevwa peman, si ou pa travay, ou pa resevwa peman
- Jou maladi yo, jou dèy yo ak jou vakans yo jeneralman pa peye

Ou ta dwe planifye pou monte bidjè pou lajan ou pou ekonomize pou moman maladi ak vakans ou pa te prevwa yo.

### **SONJE**

*Nan kèk ka, ka gen kèk ratman nan travay, epi revokasyon ka nesesè. Si yo revoke ou pandan yon tan, ou dwe toujou kontinye patisipe nan kou ansèyman ki gen rapò yo. Pral gen plis enfòmasyon detaye sou revokasyon yo nan [Ti Liv sou Aprantisaj DOL](#) ou a.*

## 1.4 – Sa Ou Bezwen pou Ou Gen Sikse

- Diplòm Lekòl Segondè oswa GED
- Lisans Chofè Valid
- Yon veyikil
- Asirans otomobil
- Gadri fyab si sa aplikab

**Tou depann de kalite pwogram w ap patisipe ladan an, w ap bezwen plizyè kalite zouti ak rad tankou:**

- Bòt travay solid oswa bòt ki gen pwent an asye
- Rad travay tankou jeans denim ki ranfòse, mayo travay, ak jakèt, chosèt pou bòt travay, mayo, chanday a kapichon, gan travay oswa gan an kwi
- Zouti pòch tankou règ pliyant, kreyon, pens jis liy, yon tounevis ki gen tèt plat, yon tounevis ki gen tèt etwal (Phillips) ak yon pens Channel Locks® (oswa kle a pwanyè ajistab ki sanble)

## 1.5 – Lòt Frè ak Depans Ou Ta Dwe Planifye Pou Yo

Anplis acha zouti apwopriye yo ak asire ou gen yon veyikil, asirans otomobil, ak gadri, gen posiblite pou gen frè woutin pou ou bay pandan aprantisaj ou a.

### Pa egzanp:

- Gen yon frè pou enskri kòm yon apranti nan DOL (enskripsyon yo ekspire epi dwe renouvle chak ane).
- Sendika yo gen frè ki asosye avèk pwogram yo.
- Liv enstriksyon, manyèl fòmasyon ak fòmasyon sou entènèt ki gen rapò yo ka gen frè apa.



**Depans anplis yo kapab akimile byen vit, men kenbe yon bidjè ak planifikasyon depans yo pral ede.**







## 2 Lokalize bon Pwogram Aprantisaj la pou ou

---

### *Department of Labor*

Resous Office of Apprenticeship Training DOL la kapab itil si ou espere aprann plis sou yon karyè nan metye yo.

Vizite sitwèb yo a, [www.ctapprenticeship.com](http://www.ctapprenticeship.com), pou jwenn aksè ak lis pwogram aprantisaj anplwayè yo ke ou ta ka enterese ladan yo.

*Se pa tout esponsò yo k ap aksepte apranti toutan. Asire ou mande si y ap aksepte aplikasyon anvan ou ranpli youn. Si ou pa jwenn repons nan men esponsò aprantisaj potansyèl ou a, ou ka kontakte yo pou endike ke ou toujou enterese lè gen pòs ki disponib.*

## 2.1 – Kalite Lisans ak Kondisyon pou Fòmasyon

Gen yon seri kalite lisans diferan nan metye yo epi chak domèn gen nivo diferan oswa sou-seksyon kalite lisans ki otorize yon detantè lisans pou fè kèk travay espesifik nan domèn ekspètiz li.

### Chak kalite lisans gen kondisyon ki diferan pou:

- Kalite fòmasyon
- Lè ansèyman nan travay
- Lè ansèyman ki gen rapò

### Domèn Espesyalizasyon Kalite Lisans lan

Elektrik  
Solè Elektrik  
Gri Levaj Transpòtè ak Elevatè  
Asansè  
Elevatè Eskalye Rezidansyèl  
Sistèm Pwoteksyon kont Dife  
Reparasyon Vit Otomobil  
Vit Plat  
Chofaj, Kanalizasyon ak Refwadisman  
Plonbaj ak Kanalizasyon  
Tòl an Metal Limite  
Konstriktè Pisin - Ki Fouye  
Aparèy Elektwonik pou TV ak Radyo  
Enstalasyon ak Reparasyon Antèn Parabolik  
Pèsez Geyotèmik Limite  
Pèsez Apwovizyonman ki Pa Dlo  
Pèsez Apwovizyonman Dlo

*Gen yon deskripsyon pou chak kalite lisans [ki disponib sou sitwèb DCP a.](#)*

## 2.2 – Akò Enskripsyon pou Aprantisaj

W ap siyen yon Akò Enskripsyon pou Aprantisaj ki se yon dokiman legal, obligatwa ant ou menm, esponsò apranti ou a ak Eta Connecticut.

Tèm ak kondisyon fòmasyon ou an fè pati akò a, sa gen ladan dat w ap kòmanse aprantisaj ou a.

Si ou gen nenpòt kesyon sou akò ou a, kontakte reprezantan Office of Apprenticeship Training DOL ou a.

### SONJE

*Gen yon peryòd esè ki obligatwa pou aprantisaj yo.*

*Pandan peryòd sa a, ou menm ak esponsò ou a gen dwa pou nou anile akò a.*


*Amwenske sa mansyone yon lòt jan nan akò ou a, peryòd sa a se premye peryòd pwogrè salè a - oswa premye nivo echèl peman an.*

### Enskripsyon Obligatwa nan Office of Apprenticeship Training DOL la

Esponsò ou a (anplwayè oswa sendika) **dwe** enskri ou kòm yon apranti nan Office of Apprenticeship Training Program DOL la anvan yo voye ou sou yon sit travay. Non sèlman li ilegal pou travay sou sit travay la kòm yon apranti ki pa enskri, men tou lè ou yo sou sit travay la p ap konte nan lè ki nesèsè pou ou jwenn lisans si ou pa byen enskri.

Ou **dwe** pote kat aprantisaj DOL ou a pandan w ap travay, epi prezante li sou demann bay pati apwopriye yo (*jeneralman yon enspektè lisansye DCP, ajan DOL nan zafè salè ak estanda nan espas travay, ajan OSHA oswa responsab konstriksyon vil la*).

Ou ka resevwa yon kat tanporè jiskaske kat pèmanan ou an prepare.



## 2.3 – Kote pou jwenn Opòtinite Aprantisaj yo

- Connecticut Department of Labor [American Job Centers](#)
- Sitwèb Asosyasyon Kontraktè
- Enskripsyon nan Jounal Lokal yo

### Lòt Opòtinite Gouvènmantal

Ka gen opòtinite nan travay piblik yo ak pwogram antretyen bilding yo nan:

- Gouvènman Minisipal, Etatik ak Federal yo
- Lopital yo
- Kolèj ak Inivèsite yo

## 2.4 – Kijan pou Lokalize Enfòmasyon sou Konpayi Esponnsò pou Aprantisaj Aktif yo

1. Vizite [www.ctapprenticeship.com](http://www.ctapprenticeship.com)
2. Klike sou "Lis Esponnsò yo"
3. Klike sou lyen "Ale nan Rapò Esponnsò Aprantisaj la" (Excel) ki anba nan pati agòch ekran ou an pou telechaje lis la.
4. Filtre lis la pou ajoute metye ou a, ak lokal ou ta renmen travay ladan an. (Kolòn A se "Metye" epi Kolòn D a se "Vil")
5. Pou filtre, klike sou flèch ki nan bò dwat kolòn w ap filtre a. Answit, dekoche "Seleksyone Tout" nan pati anlè lis la, epi itilize fonksyon rechèch la oswa glise desann pou jwenn seleksyon ou an.

## 2.5 – Aprantisaj Sendikal oswa ki Pa Sendikal

Enfòmasyon sou opòtinite aprantisaj sendikal ak ki pa sendikal (oswa “atelye ouvri”) yo disponib atravè DOL. Yo tou de ap pèmèt ou jwenn fòmasyon apwopriye a atravè yon esponsò aprantisaj men yo estriktire yon lòt jan.

### Pwogram Sendika yo:

- Sendika yo enskri ou avèk Joint Apprenticeship Training Councils (JATC, Konsèy Konjwen pou Fòmasyon nan Aprantisaj Komen)
- Ou enskri nan [Office of Apprenticeship Training DOL la](#).
- Ansèyman ou ki gen rapò jeneralman fèt nan sant fòmasyon sendika a.
- Sendika a se tankou yon ajans referans travay.
- Si yon kontraktè vle anboche yon apranti, li kontakte sendika a epi voye ba ou travay pou kontraktè sa a. Kontraktè a tounen anplwayè ou epi peye ou.
- Sendika yo jeneralman gen dat limit chak ane pou pwogram aprantisaj yo, epi ka gen yon komite aprantisaj ki pral pase ou entèvyou anplis de yon egzamen ekri ak/ oswa tèz konpetans.

### Pwogram Atelye Ouvri:

- Se yon kontraktè ki anboche ou dirèkteman nan domèn konstriksyon oswa pwofesyonèl ou chwazi a.
- Ou enskri nan [Office of Apprenticeship Training DOL la](#).
- Ansèyman ou ki gen rapò a se State Department of Education (Depatman Edikasyon Eta), Technical High School System (Sistèm Lekòl Segondè Teknik) la oswa nenpòt founisè ansèyman apwouve ki gen rapò ak aprantisaj enskri yo. W ap jwenn enfòmasyon sou disponibilite klas la nan DOL. Ou ta dwe sonje ke tou depann de disponibilite klas la, ou ka bezwen vwayaje.
  - Gen sèt lokal pou chwazi ladan yo pami [kou sou entènèt ki disponib yo](#).
  - Apranti ki pa enskri yo ka aplike kòm yon elèv pwolongasyon. Elèv pwolongasyon yo ka itilize kredi kou yo genyen yo pou kondisyon aprantisaj alavni, oswa yo ka pran kou a jis pou aprann nouvo konpetans oswa akèri enfòmasyon. Elèv ki gen mwens pase 18 ane ka aplike avèk pèmision paran an.
- Kontraktè ki anboche ou a se anplwayè ou.





## Nan Tout Pwogram yo:

- Esponnsò aprantisaj ou a dwe gen yon kontraktè lisansye ki anboche aplentan ak regilyèman ki nan dosye sou lis peman yo.
- Yo dwe gen yon pwogram aprantisaj apwouve ki an règ avèk DOL.
- Yo kapab sèlman anboche ou kòm yon apranti enskri si yo gen kantite lisansye apwopriye nan konpayi yo a (ki refere tankou "to anbochaj").
  - **Pa egzantp:** Yon konpayi kapab anboche yon (1) apranti ki enskri si yo gen twa (3) konpayon ki lisansye.
- W ap rankontre avèk reprezantan [Office of Apprenticeship Training DOL](#) la avèk esponnsò ou a pou siyen aplikasyon aprantisaj la pou metye ou a.
  - Se lè sa diplòm ak relve nòt metye konstriksyon/pwofesyonèl Technical ou a ap revize pou kredi ansèyman ki gen rapò yo.

### Pwogram fòmasyon pou pwofesyon ki pa egzije aprantisaj

Pandan pifò kalite lisans yo egzije ou pou fini yon pwogram aprantisaj nan DOL, gen yon ti kantite ki pa egzije sa.

Si yo egzije ou yon pwogram aprantisaj, ou ka bezwen yon sèten kantite lè fòmasyon. Nan ka sa a, ou ka kalifye pou jwenn yon lisans estajyè nan DCP. Pandan ke yon lisans estajyè pa yon egzijans, li ede piske gen posibilite pou yo mande ou verifye ke ou otorize pou ou sou yon sit travay, jis tankou sila yo ki gen dokiman aprantisaj.



## **3 Lisans avèk Department of Consumer Protection**

---

Anvan ou jwenn yon lisans nan DCP, ou dwe fini yon pwogram aprantisaj nan [Office of Apprenticeship Training DOL](#) (oswa nan kèk ka ki ra, lòt fòmasyon), soumèt yon aplikasyon, fè egzamen apwopriye a, epi finalman, voye enfòmasyon ki nesèsè yo bay DCP pou resevwa lisans ou an.

*Tanpri sonje ke DCP pa administre egzamen yo epi gen posiblite ou pral kowòdine detay egzamen ou yo epi soumèt kèk dokiman bay yon vandè tès tyès pati.*

## 3.1 – Pwosesis Aplikasyon

Yon fwa ou fini aprantisaj ou a oswa lè fòmasyon ansèyman ou ki gen rapò ak travay ak lekòl, w ap kalifye pou aplike pou yon lisans. W ap toujou jwenn enfòmasyon detaye ak ajou sou aplikasyon lisans ou nan DCP nan [ct.gov/DCP/license](http://ct.gov/DCP/license).

Toujou kenbe enfòmasyon ki soti nan aplikasyon ou ak egzamen ou yo nan dosye.

### **Pou aplike pou yon lisans, ou ta dwe:**

- 1. Voye aplikasyon ou:** Ranpli, epi voye yon aplikasyon ansanm ak frè aplikasyon ou an, ak yon relve lè fòmasyon ak ansèyman ou.
- 2. Enskri pou egzamen ou:** Si aplikasyon ou an aksepte, w ap resevwa yon apwobasyon egzamen ansanm ak lè ak kote ou ka pran egzamen an. Answit, w ap enskri pou lè ak kote ou swete pran egzamen an, epi peye yon frè egzamen. Ou dwe pran tès la nan entèval yon ane apwobasyon.
- 3. Jwenn lisans inisyal ou a nan DCP:** Si ou reyisi egzamen ou an, w ap voye frè lisans ou an ansanm ak verifikasyon ki di ou te reyisi egzamen ou an, epi y ap soti lisans ou an pou ou.

W ap jwenn fòmilè aplikasyon yo lè ou ale sou [ct.gov/DCP/forms](http://ct.gov/DCP/forms) epi klike sou "License, Registration, and Permit Forms" (Fòmilè Lisans, Enskripsyon ak Pèmi). Ou ta dwe ale tou sou [sitwèb DCP](http://sitwèb DCP) pou enfòmasyon ki ajou konsènan ki vandè k ap administre egzamen yo.

### **SONJE**

*Aplikasyon an poze kesyon sou antesedan kriminel ou men kondanasyon kriminel ou te gen anvan pa ta dwe dekouraje ou kouri dèyè yon lisans pwofesyonèl. Nan kèk ka, yon kondanasyon kriminel anvan ta ka yon preyokipasyon si li gen rapò ak nati travay potansyèl la.*





# 4 Jwenn yon Travay

---



## 4.1 – Kote pou Ou Chèche

Gen anpil fason pou chèche yon travay, epi ou ta dwe itilize tout resous ki disponib pou ou lè w ap chèche travay. Kèk fason ou kapab kòmanse chèche travay se:

- Rezo Sosyal ([Facebook](#), [LinkedIn](#))
- Sitwèb rekritman travay ([Indeed](#))
- Atravè sendika
- Rezo ou (*Esponnsò aprantisaj ou, kolèg*)
- Tablo òf travay metye yo
- Tablo òf travay Gouvènman an

Gen yon seri sit ak tablo òf travay ou kapab vizite. Kèk ki rekòmande nan Eta Connecticut, epi pou travay ki gen rapò ak metye yo se:

- [Department of Administrative Services](#)
- [Department of Labor Jobseeker Services](#)
- [Federal Government Jobs](#)
- [Build Connecticut Jobs](#)
- [Sisters in the Brotherhood](#)
- [National Association of Women in Construction \(NAWIC\)](#)

### **Fè Atansyon ak Fwod**

- *Itilize prekosyon lè w ap poste cv ou sou entènèt.*
- *Konnen ke piblisite fo travay ki la pou pran enfòmasyon ou.*
- *Limite enfòmasyon pèsonèl ou divilge sou sit sa yo.*
- *Se pa janm yon bon lide pou divilge adrès kay ou, dat nesans ou ak nimewo sekirite sosyal ou.*
- *Mete yon adrès imèl ak nimewo telefòn kote anplwayè potansyèl ou kapab kontakte ou ta dwe sifi.*



**Pandan chak travay ak chak anplwayè diferan, sa yo se bagay komen yo ka mande ou pou bay:**

<input type="checkbox"/>	Yon cv ki mete aksan sou eksperyans travay ou ak ansanm konpetans ou.
<input type="checkbox"/>	Referans ki soti nan anplwayè aktyèl ou a, esponsò aprantisaj ou ak ansyen anplwayè ou yo
<input type="checkbox"/>	Prèv Diplòm Lekòl Segondè oswa GED
<input type="checkbox"/>	Sètifika lekòl metye ou
<input type="checkbox"/>	Nenpòt lisans pwofesyonèl oswa kat aprantisaj ansyen anplwayè ou a(yo)
<input type="checkbox"/>	Prèv sètifikasyon pwofesyonèl ou genyen
<input type="checkbox"/>	Prèv ou kapab satisfè kondisyon fizik ak abilite yo
<input type="checkbox"/>	Prèv ou kapab travay legalman nan Etazini tankou yon nimewo sekirite sosyal, kat vèt oswa yon pèmi travay Etazini

Yon fwa ou rasanble dokiman yo ki anwo a, ou pare pou kòmanse aplikasyon pou travay. Pifò anplwayè yo pral verifye enfòmasyon ou te bay yo nan aplikasyon an anvan yo ofri yon travay.

## 4.3 – Entèvyou: Sa pou Atann

Li toujou entèlijan pou prepare anvan entèvyou ou a pou ou kapab konfòtab. Gen kèk bagay ou kapab fè pou asire ou pare:

- Gen yon moun pou pratike avèk ou nan poze li kesyon ki posib pou yo poze nan entèvyou yo. Sa ta dwe ede ogmante konfyans ou nan reponn kesyon yo.
- Chèche anplwayè potansyèl ou anvan entèvyou a. Ou ta dwe vizite sitwèb yo a, epi rankontre avèk anplwaye yo pou poze yo kesyon sou kilti ak anviwònman konpayi an si posib.
- Planifye pou mete rad apwopriye. Ou ta dwe abiye byen, men tou prepare pou vizite sit travay la. Sa ap itil pou gen zouti pòch espesifik pou metye ou a, ak Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (PPE) sou men.

### **SONJE**

*Si yo te ofri ou yon travay, oswa ou nan etap final yo, ou ka vle mande ki PPE konpayi an bay, epi sa ou ka atann w ap genyen pou tèt ou.*

### **Pandan Entèvyou Ou a**

- Pale klèman konsènan konpetans ou, eksperyans travay ak poukisa ou enterese travay pou anplwayè potansyèl ou a.
- Toujou pran yon minit pou pran poz epi reflechi si ou pa sèten sa pou ou di.
- Pa janm mal reprezante nivo konpetans oswa eksperyans ou jis pou jwenn yon travay.
  - Yon fwa ou sou sit travay la, anplwayè ou a ap atann w ap reyalize tout aspè nan travay la yo te anboche ou pou li a. Si pèfòmans ou mwens satisfèzan, yo ka mande ou pou chèche fòmasyon anplis, oswa pi mal, yo ka revoke ou.

### **SONJE**

- *Menm si ou pa te pèfòme jan ou te espere pandan entèvyou a, sonje ke ou toujou benefisye eksperyans lan.*
- *Pa dekouraje si ou pa resewva yon repons nan men yon anplwayè potansyèl.*
- *Toujou raple tèt ou objektif ou epi, pi enpòtan, pa bay vag epi rete pasyan.*

# 5 Lòt Resous

---

Seksyon sa a gen ladan kèk bagay ou ta dwe konsidere anvan klas yo ak fòmasyon an kòmanse pou asire ou gen estabilite ak previzibilite ki nesèsè nan lavi ou pou reyisi nan yon pwogram fòmasyon nan aprantisaj, ak nan karyè ou.



## 5.1 – Achte yon Veyikil

Transpò fyab esansyèl pou reyisi nan yon pwogram fòmasyon aprantisaj. Sit travay yo kapab nan lokal diferan, epi lè pou kòmanse ak fini yo ka varye tou depann de nati chak travay. Konte sou transpò piblik nòmalman pa yon atant ki rezonab, epi ou ta dwe atann w ap gen pou achte yon veyikil.

### **Bagay ou ta dwe chèche ak konsidere anvan ou investi nan yon veyikil.**

- Kilomèt pou chak galon oswa ekonomi kabiran
- Reparasyon komen pou mak ak modèl la, ansanm ak konbyen yo koute an jeneral
- Taks pwopriyete pou yon veyikil espesifik nan vil ou
- Depans asirans pou machin ou
- Ki kote ou kapab jwenn yon mekanisyen fyab pou gade machin ou an
- Si w ap achte yon machin ki itilize deja, ou ta dwe fè yon mekanisyen gade li anvan ou achte li
- Kòmantè sou mak ak modèl la ke pwopriyete anvan yo ak lòt òganizasyon fè
- Pa konfye nan òf konplèman konsesyonè ou a (yo souvan depans ki pa nesèsè)
- Ki finansman ki disponib pou ou
- Ki garanti ou genyen

#### **SONJE**

*Se responsablite ou pou mennen li nan yon mekanisyen epi fè yo fè yon revizyon konplè nan veyikil la.*

Non sèlman ou ta dwe gen yon machin, men ou bezwen gen yon bidjè pou bon asirans machin. Yo ka mande ou pou pase pran founiti oswa fè lòt bagay sou yon sit travay. Patwon ou dwe kapab konfyè sou ou kòm yon moun ki konfyab pou fè sa ki nesèsè pou yon pwojè.

### **SONJE**

Vizite [sitwèb Department of Motor Vehicles \(Depatman Veyikil a Motè\)](#) pou asire ou konnen ki dokiman ou bezwen ranpli anvan ou ale anrejistre yon machin.

Nan Connecticut, w ap bezwen verifye kouvèti asirans machin ou pou legalman anrejistre veyikil ou. Si ou pa gen asirans, epi yo kenbe ou k ap kondui san li, gen risk pou yo sispann lisans ou ak peye yon amann.

Lwa eta Connecticut la egzije ke si ou gen yon veyikil, ou dwe genyen asirans minimòm. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou kondisyon asirans minimòm yo nan [Connecticut Insurance Department \(CID, Depatman Asirans Connecticut\)](#).

Tou depann de sikonstans ou yo, ou ka vle asirans adisyonèl tou. Ou ta dwe konsilte konpayi asirans ou, anplwayè ou ak CID pou jwenn plis enfòmasyon pou konsidere.





## 5.3 – Jwenn Gadri

Si ou gen timoun, aranje pou jwenn gadri ki regilye ak fyab. Pandan pwogram aprantisaj ou a, klas yo jeneralman nan aswè omwen de (2) jou nan yon semèn epi w ap bezwen sou sit travay yo pandan jou a, petèt bonè nan maten. Ou ka gen tou lè ki pa previzib pandan karyè ou, kidonk ou ta dwe atann w ap gen pou kenbe sèvis gadri yo.

Gen yon seri resous gadri ki disponib. Anba a gen kèk pwogram ou ka konsidere pou ede avèk bezwen gadri ou:

- **Care 4 Kids:** Office of Early Childhood (OEC, Biwo Edikasyon Timoun Piti) Connecticut la esponsòrizè Care 4 Kids, sa ki ede fanmi ki gen revni ba rive nan modere yo peye pou depans gadri yo.
- **Head Start:** Se yon pwogram devlopman timoun konplè ki sèvi timoun depi yo fèt rive nan senk (5) ane ak fanmi yo.
- **Kontra Gadri yo:** Pwogram sa a bay gadri ak edikasyon pou ti bebe ak timoun piti, timoun ki nan laj preskolè ak/oswa timoun ki nan laj lekòl ki satisfè sèten kondisyon kalifikasyon, ki gen ladan tonbe anba 75 pousan revni mwayen eta a.

### SONJE

*Ou kapab jwenn yon lis etablisman gadri, oswa verifye yon lisans nan Eta Connecticut lè ou ale sou [elicense.ct.gov](http://elicense.ct.gov).*



Menm si yon karyè nan metye yo gen posibilite pou mete ou nan yon wout k ap mennen nan yon travay ki peye pi byen, li pa san risk. Gen chans pou gen mank ant lè yon pwojè fini ak lè yon lòt kòmanse. Peryòd sa yo ka kout tankou kèk jou oswa ka dire plizyè semèn oswa pi long.

Pandan w ap monte yon bidjè, fè tout efò pou mete lajan sou kote pou peryòd kote w ap chèche lòt travay oswa peryòd w ap itilize asirans chomaj.

### **Asirans Chomaj**

Asirans chomaj se yon revni tanporè pou travayè yo ki nan chomaj san se pa fòt yo epi ki swa ap chèche nouvo travay, nan fòmasyon ki apwouve, oswa ap tann pou yo tounen rele yo travay. Pou kolekte avantaj yo, ou dwe satisfè kèk kondisyon kalifikasyon legal. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan asirans chomaj, konsilte DOL nan [ct.gov/DOL](http://ct.gov/DOL).

### **Fè Demann Asirans Chomaj**

Ou ta dwe depoze yon demann osito posib apre ou fin pèdi travay ou. Lè ou kòmanse pwosesis la rapid, sa ap pèmèt ou gen tan pou bay DOL enfòmasyon li bezwen pou trete demann ou an.

Ou kapab depoze demann inisyal ou a oswa re-ouvri demann ou 24 sou 24 lè ou ale sou [www.FileCTUI.com](http://www.FileCTUI.com).


## 5.5 – Jere yon Bidjè

Menm si li ka parèt anpil travay pou monte yon premye bidjè, an final l ap pote rezilta. Kreye yon bijè ki rezonab pral ba ou kontwòl depans ou yo, epi kreye yon santi konfò alontèm.

### Kòmanse Bidjè Ou

Yon fwa ou resevwa yon salè regilye, epi konnen kisa salè nèt ou ye, li enpòtan pou kreye yon bidjè pou ede ou planifye pou depans ak ekonomize pou lavni.

- Detèmine sa ou bezwen. Fè yon lis bagay tankou lwaye oswa ipotèk ou, manje, sèvis piblik, depans transpò, rad, depans lekòl, gadri, ranbousman prè lekòl, fakti telefòn, medikaman asirans pa kouvri, ak lòt atik ki nesèsè.
- Monte yon bidjè. Nenpòt bidjè dwe kouvri tout bezwen ou yo, kèk nan dezi ou oswa depans okazyonèl ak ekonomi.
- Swiv depans ou regilyèman otan sa posib. Gen yon seri zouti sou entènèt la pou ede ou. Ou kapab enskri tou pou peman otomatik pou depans regilye tankou sèvis piblik yo.



#### **PA BLIYE**

*Revizite bidjè ou a pandan bagay yo ap chanje. Bagay tankou eta sivil, maladi, ogmantasyon nan salè, depans sanzatann oswa ijans kapab afekte revni ou. Ajiste bidjè ou kòmsadwa, men toujou gen youn.*

# **Kounye a ou fin li gid sa a, èske ou pare pou pouswiv yon karyè nan metye yo?**

*Pou jwenn plis enfòmasyon sou metye espesifik  
tcheke òganizasyon sa yo:*

- [Associated Builders and Contractors – Connecticut Chapter](#)
- [Building Pathways Connecticut](#)
- [Capital Workforce Partners](#)
- [Connecticut AFL-CIO](#)
- [Connecticut Construction Industries Association](#)
- [Connecticut Center for Advanced Technology](#)
- [Connecticut Heating and Cooling Contractor’s Association](#)
- [Connecticut Association of Plumbing Heating Cooling Contractors](#)
- [Construction Education Center](#)
- [Eastern Connecticut Workforce Investment Board](#)
- [Eastern Millwright Regional Council](#)
- [International Brotherhood of Electrical Workers \(IBEW\) Local 3](#)
- [International Brotherhood of Electrical Workers \(IBEW\) Local 35](#)
- [International Brotherhood of Electrical Workers \(IBEW\) Local 90](#)
- [International Brotherhood of Electrical Workers \(IBEW\) Local 488](#)
- [Home Builders & Remodelers Association of Connecticut](#)
- [Independent Electrical Contractors of New England](#)
- [International Union of Elevator Constructors Local 91](#)
- [National Association of Women in Construction Northwest Regional Workforce Investment Board](#)
- [Plumbers and Pipefitters Local 777](#)
- [Sheet Metal Workers International Association Local Union 40](#)
- [Sisters in the Brotherhood](#)
- [The Workplace, Inc. \(Rejyon Sidwès\)](#)
- [Workforce Alliance](#)

# **Ou gen kesyon toujou? Kontakte Nou**

Department of Consumer Protection  
450 Columbus Blvd., Suite 901  
Hartford, CT 06103  
(860) 713-6100  
[www.ct.gov/DCP](http://www.ct.gov/DCP)

Department of Labor  
200 Folly Brook Blvd.  
Wethersfield, CT 06109  
(860) 263-6000  
[www.ct.gov/DOL](http://www.ct.gov/DOL)

